



Pou Piblikasyon Imedya: 18/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PRÈSKE 17 MILYON DOLA POU  
REYABILITASYON PON NAN NEW YORK SANTRAL**

***Pwojè yo Pwal Pwoteje Sekirite Piblik e Bay Kwasans Ekonomik la Bourad, Paske  
Y ap Repare oswa Ranplase 16 Pon ak Kanivo nan New York Santral***

***Etap En (1) nan Inisyativ 1 Milya Dola BRIDGE NY la***

***Yon Pati nan Plan Kapital 21.1 Milya Dola Sou Plizyè Ane pou Modènize Wout ak  
Pon Atravè New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a genyen 16.76 milyon dola pou reyabilite epi ranplase 16 pon ak kanivo nan New York Santral. Finansman sa a, ke y ap bay atravè Etap En (1) Inisyativ BRIDGE NY Gouvènè a, fè pati yon plan kapital 21.1 milya dola sou plizyè ane pou modènize plizyè wout, pon, ak lòt enfrastrikti enpòtan, atravè Eta New York.

**Gouvènè Cuomo te deklare:** “Enfrastrikti se kle pwosperite nou e atravè pwogram sa, n ap founi finansman bay gouvènman lokal yo nan chak kwen eta sa a pou ede asire ke pon yo rete fyab, solid, epi an mezi pou reponn a demand jenerasyon aktyèl la ak jenerasyon demen yo nan New York. Sa se yon lòt etap pou rive gen yon New York ki pi an sekirite, pi djanm e pi asire pou tout moun.”

Pwogram BRIDGE NY mete aksan sou pwojè ki pran ka movèz kondisyon estrikti yo; li modere restriksyon nan zafè pwa oswa detou ki long; li fasilite devlopman ekonomik oubyen ogmante konpetitivite; e/oubyen redui risk inondasyon. Se Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation) lan ki administre li.

Yo te chwazi pwojè y ap finanse yo gras a yon pwosede konpetitif ki te evalye rezilyans chak estrikti; kondisyon estiktirèl aktyèl yo; epi enpòtan pon an, tankou paregzanp eta sikilasyon an, konsiderasyon sou detou, kantite ak tip biznis ki jwenn sèvis; epi efè pon an sou komès. Men yon lis pwojè ak lajan finansman nan New York Santral:

- \$760,000 bay Konte Madison pou Beaver Creek Road (County Route 99) anlè West Creek

- \$855,000 bay Konte Madison pou Oxbow Road anlè Oneida Creek
- 1.473 milyon dola bay Vil Mentz (Konte Cayuga) pou NY Central Road anlè Owasco Outlet
- \$285,000 bay Vil Sterling (Konte Cayuga) pou Schoolcraft Road anlè Sterling Valley Creek
- \$903,000 bay Vil Throop (Konte Cayuga) pou Nugent Road anlè Crane Brook
- 4.750 milyon dola bay Vil Auburn (Konte Cayuga) pou Route 38 anlè Owasco Outlet
- \$760,000 bay Vil Syracuse (Konte Onondaga) pou Tallman Street anlè Onondaga Creek
- 1.749 milyon dola bay Vil Syracuse (Konte Onondaga) pou West Onondaga Street anlè Onondaga Creek
- 1.425 milyon dola bay Konte Onondaga pou Route 174 anlè Nine Mile Creek
- \$540,000 bay Konte Onondaga pou South Street anlè Smokey Hollow Creek
- \$240,000 bay Vil Lysander (Konte Onondaga) pou Willett Parkway ak Drakes Landing anlè Willett Pond Outfall
- \$205,000 bay Vil Lysander (Konte Onondaga) pou Willet Parkway anlè yon kannal distribitè ki ale Seneca River e ki san non
- \$650,000 bay Vil Fulton (Konte Oswego) pou Hannibal Street anlè Meadow Brook
- \$523,000 bay Vil Fulton (Konte Oswego) pou Oneida Street anlè Foster Street
- 1.150 milyon dola bay Konte Oswego pou County Route 16 anlè Black Creek
- \$492,000 bay Konte Cortland pou Cheningo Solon Pond Road anlè yon kannal distribitè ki ale Cheningo Creek

**Delege Ministè Transpò a, Matthew J. Driscoll te di:** “Se yon bagay ki enpòtan anpil, pou n kenbe pon yo an sekirite. Finansman BRIDGE NY sa a, pou pon ak kanivo lokal yo, montre angajman Gouvènè Cuomo pran pou fè tousa ki nesesè pou pwoteje sekirite piblik e kontinye bay ekonomi lokal la bourad toupatou nan Eta New York.”

Pwogram 1 milya dola BRIDGE NY la, ke yo te anonse nan Bidjè Eta FY 2017 Gouvènè Cuomo a, ap ranplase, reyabilite, epi mentni pon lokal epi vital eta a pou amelyore sekirite ak kwasans ekonomik ki enpòtan anpil. Mwatye nan lajan an ap depanse nan pon ki pou eta a yo, alòske lòt mwatye a ap al jwenn minisyalite yo pou pwojè lokal ki enpòtan yo.

Finansman BRIDGE NY disponib pou tout vil ki otorize resevwa e administre lajan leta ak lajan federal pou pran ka transpò. Delè aplikasyon pou finansman pou Etap En (1) se te otòn dènye.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418